

Poetry Series

**Poet jerrimos
mugweni(ZVAVANHUVEVH
U)
- poems -**

Publication Date:

2014

Publisher:

Poemhunter.com - The World's Poetry Archive

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)(15 dec 1985)

PROFILE.

Brand : Sir ZVAVANHUVEVHU.
Name: Jerrimos .
Surname: Mugweni.
D.O.B. ; 15 December 1985
Gender. : Male.
Physical address: 21. Gora street
New Mabvuku
Harare
Zimbabwe
Southern Africa.
e-mail address: Zvavanhuartstrustinternational@
Cell. : +263775009204
Facebook. : Poet Zvavanhuvevhu
Twitter : Sirzvavanhu
Linked inn: Sir zvavanhu

This is a story of a. Controversial, multitalented, jack of all and Master of all. A writer, poet, filmmaker, Actor, Producer /Director of poetry in moving pictures, Founder of Zvavanhuvevhu arts Trust International.

Born on the evening of Sunday the 15th of December 1985, The year of Wisdom in Zimbabwe. The only child from his mother 's womb.

This is a profile of One of Zimbabwe's Great men.

The former youngest board Member of an NGO, The Centre of People Living with HIV in Zimbabwe. Grew up in Belgravia area of Harare.

Did his primary education at St Joseph's primary school in chishawasha, secondary education at Mount Pleasant high school. Were he discovered his writing and reading Discipline. At 16 he was chosen amongst many youths to represent them in the board of Trustee of The Centre.

Who is Sir Zvavanhu? .

He is a humorous, humble, patient, committed, persistent, philosophical, self content lamenter of poetic jokes, protests, sonnets and translate English

Language to his mother language Shona.

Articulating realistic matters of life, transforming cultures, tribes, generations and relating them to fun and humorous facts.

Writer of African poetry

Actor of the reality of Zimbabwean and African people.

The voice of Zimbabwean Poets internationally.

Writer of Zimbabwean culture and tradition.

Writer of Zimbabwean drums.

Lover of all, loved by all. For All.

A child-riot and a com patriot.

A singer of Zimbabwean songs.

A Dancer of African drums.

A Percussionist of poetry.

A revolutionist.

A Pan-Africanist.

And a Christian.

Personal Achievements.

> ZVAVANHUVU Arts Trust.

Zvavanhuvu arts trust is a Grass roots non profit trust organisation that nurtures, mentors and disciples young people in their literary skills, promoting team work helping them get published and to identify their potential in writing.

> produced and directed five(5) poets in a project called ; 'Madzoko Endgaringo.' a Shona word meaning 'The comeback of poetic Jokes'. A project produced. By Chipawo productions together with Zvavanhu arts trust.2013

>. Director of Rhythm and Rhyme On ZBC TV
Rhythm &Rhyme was a ten minutes programme On the Zimbabwe broadcasting television Teens show YOUNG GIFTED AND TALENTED. (YGT) .

>. ZCCD Kumusha cultural exhibition 2012-2014.
Took part in the cultural exchange of short story and poetry readings.

>. An all time house of hunger winner and Shonapoet, writer, actor, film maker, story teller and stand up comedian. Am a highly sociable man. Inspired to inspire. Free and friendly.

A Bad Habit

its like a comfortable queen size bed
covered with a clean linnen.
makes you relax like home in norton.
its a bowl of romance & intimacy,
its presence opposeth diplomacy,
its like a shoe that does not fit.
sweet as a poisoned red apple.
its like a mirror that lied to the evil queen that
snow white was white.
comforts and tells you, are able
its like a comfortable bed
so easy to get into,
but hard to get out of,
its a bad habit.....so easy to get into, but hard to get out of.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVVHU)

Africa Is Just.

It is just a piece of land. Just a Continent. Just one Big country just a storyboard
Oozing with Blood of slave Trade. T's Just a battlefield For Political patriarchy.
Divided by Many Pre-COLONIALY Boarder lines drafted on a Wooden Table. A
medical Laboratory Culture Media That Cultures Diseases. Afrika is just.....? ! ¿?
! .

It is a Habitat For Street Kids, Street Thugs, Widdows and Orphans. A Hive of
demons, MUTATING Christians Communists and Carpitalists. Litterary Litterates,
politicaly Violent. With no Currency Of Themselves. AFRICA is Just My motherland.
That i till with both My Hands Bare footed. It is just my foot bearrer she that Hide
Many Of my Dreams overnight. It is just an Not Guilty of Collonialism. It is not A
Victim of Collonialism but just a Victor. Africa is just. Ndezvavanhu.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

African Songs.

For i wrote so long a letter. To Mayombe and Anoaah. Telling her I will marry when i want. FOR THE BEAUTIFUL ONES ARE NOT YET BORN. But burried in the Anthillss of the savannah. Whilst we are still Waiting for the rain. We became the House of Hunger. IN THE COUNTRY OF OUR OWN. Gatherring Goats beats of wood. In the couming of the dry season. GAZZING Chivi Sunsets. Cry my Beloved AFRICA CRY. For they shall Burry Me in Africa.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Afrika Yedu! .

Ishe makakomborera Africa. Mukaipa kuvanhu vatemala. Makatipa zvicherwa zvese zvamakath ngazvive panyika. Mukati pazivo yandakupai ngaizare magariro netsika. Mukati muri vana vangu Mose. N'anga. Maporofita Mhombwe ne Vatenderi munashe. Makatipa zvipo kuchana choga choga. Cherudzi rupi norupi. Mukati Ani na ani. Ngaavepo kubatsira Africa Yedu.

Masi iwa ndiye wamakaropafadza nayo Mari. Hamuna kutipa Ebola Yapedza hanzadzi KuUGANDA. Hamuna kuti muchagerwa muparavara nemukondombera. Makati muchadya maguta mowombera. Makati yekumwa muchageza. Hamumwi yamageza. Chiropa muchacheka Noreza. Midzimi mikuru vari chirorodziva. VARI ZAMBE. Vane uta bwusinga vhikwi. Rushambwa rudzi yiko rwadai mutiramwire renyu zamo. Ishe makatida mukatipa zvamusina kuvapa. Ndokusaka tichingotsika Afrika yedu! .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Anoti Nyo O

Kana aripo ndoda kumuvona. Neangu meso matsvuku tsvuku akatsvuka semhiripiri. Handineyi ndewehukama. Hazvineyi Muroyi wehama. Ndati kana aripo Ndoda kumuvona. Nhasi misodzi unosvimha a. Uchadura chakakonesa makunguwo kuti Ha a a ama. Iwo achigona kuti Ha a a ha a a Ha a a a a! .

Anematama makuru seyi. Mutema tema zvokusviba kunge Rima he e? ' kana aripo nhasi tinopedzerana. Aripo i ndimuwudze makunun'unu mawodzamwoyo. Unonyora here Sa VaChiwunduramwoyo. Kana ari mukanya Nhasi unokanyaira. Ari Nyamuzihwa nhasi unobuda Dzibwa. Aripo here anoti Nyo o o o? ? ? ! ! ! .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Anoti Nyo O O! ?

Kana aripo ndoda kumuvona. Neangu meso matsvuku tsvuku akatsvuka semhiripiri. Handineyi ndewehukama. Hazvineyi Muroyi wehama. Ndati kana aripo Ndoda kumuvona. Nhasi misodzi unosvimha a. Uchadura chakakonesa makunguwo kuti Ha a a ama. Iwo achigona kuti Ha a a ha a a Ha a a a a! .

Anematama makuru seyi. Mutema tema zvokusviba kunge Rima he e? ' kana aripo nhasi tinopedzerana. Aripo i ndimuwudze makunun'unu mawodzamwoyo. Unonyora here Sa VaChiwunduramwoyo. Kana ari mukanya Nhasi unokanyaira. Ari Nyamuzihwa nhasi unobuda Dzibwa. Aripo here anoti Nyo o o o? ? ? ! ! ! .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Bond Zimbabwe Gunga -Isizwe

Mhayi Zvamarovera pasi Zvawanda,
Nemi Baba, murikungosiya, Makati hanger.
Semi zvenyu sekuru, pachainzi Bwa a a, Maivepi! ? .
Pano ndauya nawo Mufungo Mutsva,
Hameno zvavo, vanosvotwa. Nezvitsva,
Serumbo vachaita, serwatsva-tsva-tsva rwakatsva murutsva.
Sezvo ndati pasina kubatana, hapana chinobuda Chitsva.

Uyu mufungo kune uyo afunga Gunga.
Wafunga Zvawafunga, Funga kusvika vati, 'pafungwa.'
Vasazosara vachitsutsumwa kuti 'Ha a a ah! , patsikwa tsikwa.'
Wafunga zvawafunga, ukafunga zvaunofunga.
Mupfungwa, wozviwudza kuti, ' Wafunga a a! .' .
Iwe hezvo kana hapana zvawafunga.
Nokuti Gunga, harina kumbopinda Mune dzako Pfungwa.
Zvafungwa, hapana Mupfungwa.
Pamifungo inofungwa , Nevafungi
VemuZimbabwe Vane pfungwa Dzokufunga.
Vanoti kana vafunga zvotowonekwa kuti pafungwa.
Vanofunga, Gunga! Zimbabwe mupfungwa.
Vobatana nezvido zvaVanhu, Mupfungwa.
Dzavo pfungwa vodzipakurirana navose.
Voti funga, kusvika vati pafungwa.
Ukawona, poridzwa mheterwa, mipururu nendgaringo.
Panenge pafungwa navafungi VeGunga-Isizwe, Bond ReZimbabwe! .

Harisi Co-Vallent Bond.
Haringamboiti Dipoles dipoles.
Harina kusimba. Se pole remureza.
Haringamboiti Metallic Bond.
Handingadi kuti rive Ionic Bond.
Kwandiri I Gunga-Isizwe><Bond.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

y

Chishanu chasvika. Ndodeketera ini Nyashanu. Nhasi ndohuranga vamwe vachirangarira. Zvisinei ndine pondo shanu. Ndahumwa ndaguta sa Taguta padare. Kwa Mereki. Kwamai Faffy vachandiwona. Vana Gire navana Geti vokumbondiramba. Ndaguta chishanu mwana waNYASHANU. Handina mwana, handina mbwanana. Mbwa a ndini. Kumba ngakuwuye kuwuye kuno. Ndini chishanu mugovera isvondo. Yakasviba kuti ndo-o. Ndini friday ndini chishanu.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Dai

Dai dai aigara ari dai tingadai tisingamboti dai nekuti Dai kutaura kwebenzi kuti Dai.! . DAI NDISINGAPENGI.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVVHU)

God Bless Afrika.

My stomach is rumbling with Colonial Constipation. Though missionaries are written all over my African skin. I dream of another better day to ring and recite this poem. Africa my mother land. Africa my wonder land. I cry the tears of sorrow. I cry tears of joy. I cry tears of self independence. For better days shall come. I see someone rising from the political dust. To end the realm of dictatorship. To end the diarrhea of political propaganda. When people are given only the intestines. When they eat of the steak. But I see a blessed Afrika. Asia massaging her shoulders. Brazil looking from afar. I see four hail stakes of hay bowing before Afrika. Madagascar saying I was always with you dad. Australia and New Zealand ran away. But His hand Jehovah shall stretch to Afrika. GOD BLESS.

Poet Jerrimos Mugweni(ZVAVANHUVU)

Grandpa

Grandpa, tell us a story, tell us a folk tale
Tell us all that you have to tell,
About William Tell, Robin Hood, and the Jam Bell tale.
Grandpa please tell us a story,
Tell us how they Liberated our country,
How they mined our Coal, Gold and our precious Ivory.
Tell us so that we can tell others.

What do you want me to tell you,
What exactly do you want me to say,
Do you want me to tell you,
how they enslaved our brothers.
Or how they raped our sisters,
Do you want me to repeat the same old Scene.
That no black curfew will ever tell,
How dogs were trained just to bite us,
Is that what you want me to tell you? ? ? .
What Propaganda meant in our time,
At least the level of Corruption was Low.
The jungle gave birth to a battle field,
Dangerous animals became our Friends.
Fate from hate, splashed all over our lands.
There were micro-bacterium facial Smiles.
The Heroism of one man was uncelebrated.
they used all means to humiliate us
Took our Honour without our Concern.
You brother, became my Enemy.
And my Enemy, Your Brother.
Do you still want me to tell you.
do you want me to tell you.? ? ? ? ? ? .

Grandpa please, just tell us a story.
Tell us anything that a child should know.
Grandpa. Please tell me a story that lasts all night.
Tell me until i say its now allright.
Grandpa please. Juss tell me about slave trade.
. How our fathers were tools of Free labour.
How you escaped from the white man's Prison.
How harsh Mussolini 's Rule was.

How Mao tse Tung started the long March
How Robert G Mugabe ruled Zimbabwe, for 35years.
Grandpa please just tell me a story.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVVHU)

Guvhu Rangu Rakawirepi? ? ?

Guvhu rangu rakawirepi? . Ndiratidzeyi mhayi, ndizive. Ndoda kunoritsvaga kwarakawira ndinonge kana ndariwana. Ndiwudzeyi mhayi muchiri vapenyu. Dzenyu nyama dzichakagwinya Sedzemhandara. Randakayamwa nderenyu makati ndisakurashayi. Ndimi mayindikurungira wusvusvu kana ndochema ndiri kumusana kwenyu. GUVHU rangu rakawirepi nhayi vehama hapana wakamboriwona. Ndichikura ndaingonzwa 'GUVHU REMWANA rawa! .'..

Ndanga ndaenda kutsime. Rumwe tanga tiri ku NHETEMBO ku AFRICA.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

He Reigns

He lived a sinless Life. Born of A Virgin girl. Humbled Self For Humanism. Which nailed him on A Cross. Made out of his creation. THEY crowned a king they Want on Him. HIS DEATH was Their Sacrifice. He rose to shore all that he is God. When he ascended, Gravity Was meaningless. He sits at the right hand of the father. See how close God Is For those whose Salvation He Admornish. Bealeave it or not He is the King of Kings. Lord Of Loards. His name is Jesus. The son of God.

He fed many wth 5 loafes and two Fishes. Walked on Top of Water. Changed water Into Wine. Cursed a barren fig tree And it dried instantly. He resurected the dead. He still works Miracles In His Name. He loves us not only On Sunday, not on Christmas But all the time. He given all powers on Earth and in Heaven. He reigns.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

He Reigns.

He lived a sinless Life. Born of A Virgin girl. Humbled Self For Humanism. Which nailed him on A Cross. Made out of his creation. THEY crowned a king they Want on Him. HIS DEATH they Ccelebrated as Their Sacrifice. He rose to shore all that he is God. When he ascended, Gravity Was meaningless. He opposed the law of Nature By Walking on top of Angry waters. He sits at the right hand of the father. See how close God Is For those whose Salvation He Admornish. Bealeave it or not He is the King of Kings. Lord Of Loards. His name is Jesus. The son of God.

He fed many wth 5 loafes and two Fishes. Walked on Top of Water. Changed water Into Wine. Cursed a barren fig tree And it dried instantly. He resurected the dead. HE ROSE. He still works Mirracles In His Name. He loves us not only On Sunday, not on Christmas But all the time. He, given all powers on Earth and in Heaven. He reigns.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Husikuhwo.

Ndakairota mauro ehusikuhwo.
Pahuru pakawoma Kuti nho-nho-nho!
Yakanyorwa noruvoko rwake.
Yakanzi ndinokuda nomoyo wese! .
Pandichakuwonera zuva ndichakupa rose.
Usambowudza chero. Ani naani zvake.
Pandichakutsvoda padama, matama ose.
Ndiwe murume wangu chero zvodini

Ndakairota maworo ehusikuhwo.
Meso nendangariro Zvikati zvobanda huro.
Ndichirota ndakaibata huro
Chandaingoda kumuka ndichimedza mate Pahuro.
Yamutambanengwe Ikati Yondikarakata pahuro.
Murume mukuru , ndokubata. Chiwuno.
Chamutegutedegu. Ndiye. Tedegu u u u u.
Chamupwerereeee pwereree e e, ndiye pwere re e e e.
Chamu pfuchu mupfuchu ndiye. Pfuchu u u u u.
Ava mangwanani wanikwe. Ndongoshanyarika.
Mumatopa mavi, ane uzavazi
Murume Mukuru. Kuzvirasira. Dope kuhope.
Mumagumbeze. Mukati. Hamucharariki.
Zvino. Kunze. Kukati kwofefetera chiriki riki i i i.
Pfungwa nendangariro zvogarisana mumupanda mumwe.
Chondibvunza mutupo, nechidawo chiriporipocho o o! .
Chemunachikumi ndiye pfocho o o o! ? ! ? .
Ndikati ihope dzetsamba yorudo here nhayi i i i i i i ! ! ! ! ! ! ! ? .
Yandakarota mawuro ehwasikuhwo o o o ! , , , ! ! ! ! ? ? ? .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

I Am Shona

I have great empathy for all my audiences.

But am a Shona writer,

i write about The Shona People.

I write about the Shona Cultures,

I am.

I am the storyboard of the great Shona Kings.

Those who traded Gold for clothes,

Ivory for Jewellery.

I am an Ambassador of My People.

I dance to shona Drums.

I sing Shona Songs.

I dream the Shona way.

I respect the mirror,

When i cry, it doesn't laugh back at me.

The Shona people live in me

And i live in them.

I do everything in the Shona manner.

I am the river of Words,

Words that Define the Shona People.

Chinyambera, mhande and muchongoyo.

Nhodo, Zai rakawora neTsoro.

Nhunguru Tsambatsi neMaroro,

I sing songs of the Sotshangane tribes

Songs of the ngoro ngoro.

Songs of equality, Black Emancipation and injustice.

I sing melodies of mbakumba In Nyamatsatse.

I dream of African Shona people

I am A Shona Poet,

I recite Rhythms and Rhymes.

I recite Poetic jingles.

I recite love.

I recite serious propaganda.

I recite african Politics, the Shona way.

I shun all that become obstacles of Shona Progress.

I am the Orator in the mucus of The age.

I am.

I am the the Philosopher of The Shona Languages.

I speak them all if you want me to.

I summon spirits, demons, and God.

I represent Stupidity, academics, and literates.

I am the Shonological Metabolism of language Digestion.

I speak of Mfekane the battle that destroyed Changamire Dombo.

I sing Whitori, Ndau and Kore kore.

I sing of karanga across Lake Tanganyika.

I sing Tshangani for i am Shona.

I speak Zezuru,

I speak Tonga.

I speak Venda.

I am Waremba.

I am Manyika,

i am Rozvi.

You can call me 'TSHONA' in Zulu.

Meaning Setting Sun or the West.

But i am

I Am.

The black african Poet.

My skin is Black, and My hair is Black.

I am a Child of the Bantu Languages.

My mother speak the Shona Language.

So i sing The Shona voices.

I have great Empathy for you Reader.

But i am a Shona Writer.

So don't take it Personal.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

I Love You Zimbabwe

Intimacy with my mother country.

Intimacy with my mother country I say.
Curdling, and kissing, crossing over of legs.
Rubbing, rushing, grunting like Pigs.
Leaking the breasts, armpits, even the nose.
Whispering the soft sounds, Zimbabwe..... Zimbabwe..... Zimbabwe.

Jolting her elbows, the majestic Victoria falls.
Thorough the muddy dusks of the Gonarezhou.
In the depths of thy Hips Matopos, inhibiting the Khame Ruins.
Take me to Changamire Dombo 's Kingdom, the Great Zimbabwe.
Show me thy bosoms, under Neath the arms of thine great rivers.
The innocent fragrance of thine Mana pools, running over me.
Touch me, and the genitals of my life chirorodziva a a a.
Hold me up until I can say 'I am Mad.' in Harare.
I want It all, and I want it Now.
Teach me to swim.
I don't want to go the gym.
Teach me a Hymn
That I can hum.
Teach me all.
That a child should know.
Teach me to walk in snow.
When the festive season is near.
Teach me

Teach me.
Teach me the tricks of life.
Give me your breast, the Nyangani mountain.
Sit me o'er the peek of your nipples and let me groan.
Tell me Zimbabwe to insult my mother over and over.
And let those abroad say uuuuuuuuuuuuhh! .
Just give it to me, for you are mine.
Tonight is the night, my darling.
make me believe. In you only.
Chimanimani, in puberty.
Chemhanza pregnant.
Chinhoyi caves, blunt.

Allow Mutirikwi,
To mess her stream,
Let her fluids run over.
Until they reach her legs.
Make her a river that runs.
With the waters of ovulation.
Make my manhood Make me a man.
In the intimacy with you my mother country.
Because I love you Zimbabwe, with all my heart.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Jesu Nditumeyi

Ndoda kuenda kunotandara chete. Ndoda vaya vanopfeka Musandizeza nemhete.
NDODA twuvana Twucheche cheche. Ndoda mhondi. Mbavha namakororo.
NGOCHANI NDISINGAKANGANWI. Ndoda kumbogara navo Vasati vanoroya.
Dzavo Nguvo vachakasimira.

Ndichangoti dzavo Dzisanzwa sedzinorima. Chero zvavo vari mudarima. JESU
nditumei. Kungononamata navo vasati vandoponda kasvava. Ndoda ndivepo
pavanobvisa Mimba. NDINGONAMATA NAVO VANA VENYU vasati vagarwa
Zvipfuva. JESU nditumeiwozve. Kune avo Vari kuvata nayo zhara yavakavata
nayo Zuro. Kune vangosara hona mweya uchifemwa. Ndoda kungotambura
nawo Mukondombera senherera. Iya Iya YOKWA YEKERA A A! . JESU
nditumeiwozve. KUNONAMATA NAVO VANA VACHECHE. Vacheche cheche
vamakati ngavavuye kwandiri. Kune vasati vava nechivi kunemi. Ndodawo
Rwendo runo Vambovuyawo Kwandiri. Ndingowana AAWAA! Rimwe navo musati
mandiradzika. Ndivataurire ngano Yandakataurirwa nambuya vangu Mbuya
VaRungano. Ndichivayimbira 'SIMUDZIRA MAWOKO KUNA JESU.' JESU
nditumeyi. Kune Zvavanhuvevhu.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Kuba.

Ndoo kunge uri mugovera, baba na mai vari kuhotera. Serovha ndakati dzawira mutswanda. Napafafitera mumba nyengu u. Tso tso tso, ndofamba zvinyoro nyoro. Cherechedzeyi cherechedze ndiye mwari vanopa. Mhiku wairosi nechivhitivhiti. Tsviyo tsviyo kamuridzo kudana wakati namadziro kwati. Gumhe hadyana ndiye pwa-a. Ndoti nditize ndiye makara asionani. Hofori yeRume ndiye wapinzwa nani. Funge poshi. Piri, Tatu ndiye chitsoka ndibereke. Sure vomutsana 'BATAI mbavha'.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Kumba

Kumba ndiko kwandabva. Kumba ndiko kwaninogara . Kumba kwedu ndiko kumba. Nekuti hapana nzvimbo yakafanana nekumba. Semuwumbi Baba vakawumba. Iko kwatave kuti kumba. Hapana asingadi kumba. Kungava kuZIMBABWE ndiko kumba

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Letter To My Late Farther

Dear Father

Today is Mothers' day.

I know you might not hear me.

Six feet in your Grave.

But i just wanted to share my Grief.

On things i could not say.

When i Cried you only stared.

Every time i would Mess my dippers.

I didn't like the way you Frowned.

Your nose like a Pig. I was always Flanked.

yes i might thank Mama. Who Hugged me

Every time you kicked, buckets when you came Home Drunk.

It frightened me so much, that i always saw you like a skunk.

Even the Next day, all my Lessons i would Bank.

I would have Fought you Back if i could but was Afraid.

I didn't like the Way you Kicked the Innocent Dog.

And the scars you left on Mom, like a Tree.

I am writing that i will not Write.

I am talking to the Dead.

I am the Son of My Dad.

All i wanted was. Someone to call 'Daddy'.

Dad i am angry, at the same Time happy.

I am sad, but Joyful in My heart.

That i never saw you when you died.

Because, i was Young.

Nature took its Course.

Amends were made.

Fates, am in pain.

But i know, you day shall come in June.

When i will have no Father to say

Happy Mothers' day, Father .

If mother Fathered Me.

Your Son

The Poet.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Mhepo + Mhepo = Ma Mhepo

Whose Wind? ? ?

Hawa, Goath, Mhepo Wind. Vind Upepo, viento. Angin, vietor. Umpepo. WIND. Wind Vind. Am Talking about the Wind That God Created The Wind Wind That Gives Aura Which personify Breeze. AEOLUS god and Ruler of The Winds ANEMOI the Greek Wind Gods. BOREAS god of the North Wind and Winter. EURUS god of The Unlucky East/south east wind. ZEPHYRUS god Of the south wind. APARCTIOUS another name For the North Wind. CIRCIOUS Or THRASKIAS god of North west wind. Argestes another name for the west Wind. HEY? ! . Dont Get Me Wrong Am Talking About Wind. THE WIND that You Know Of. The Wind God Created.

LIPS god of the South west Wind. CIHUATE CAYOTI, god of the west wind. EHECATOTONTLI THE gods of the Breeze. TIALOCAYOTI god of the east Wind. PAZUZU demon of the south West Wind. STRINGBOG the Slavic gods of Winds. SKY AND Air. AM talking About The Wind Not The 4 Winds Of Heaven. But Man made gods of Winds. Vento, gaoth, Hawa, Angin, Viento, Vietor, Vind. HAIZE. MHEPO, umpepo, upepo, Wind. When Mhepo+ Mhepo= MaMhepo.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Mwari Matirasha.

Kana Zuva robuda Kumadokero. Nzizi dzovambuka Nyanza. Kana huwori
Bwawora sechidembo cheMUZIMBABWE. Hwoti kutu Kunhuwa. Zvivhitivhiti
zvikasadura zvashura. Vongotaura nezvavakafa mumigwagwa. NE cholera. Veku
Epworth Vehohwa. Sezvinzi vachamuka Vagozvihwa. VASINA mahwi i muripiko?
? ?

Kana mvana Dzopikira. PFAMBI dzopfambidzana nesu. Kana Mazino Ejongwe
Adzoka. Ziya rangu Richabuda Dikita. Mwoyo Ugotemwa Nomusoro. ANGOVA
mazawuwone Manjake njake. Ma pagu Mupadagu. Kunyepera Kuseka iro
Rakanyenama. Rushambwaiko Vari Gwenyahwi i. VARI Chirorodziva vari Zambe.
Kana madokero Obuda zuva. Mheni yoyera sehandira. ZIMBABWE vana
matirasha. Tawoma, taworera, Tabvuma. Vasungwa Dzave Nhapwa. VARWERE
VOSEMESA. Mapurisa Otonyoresa. MACHIREMBA ode Zvikwama Zvakazvimba.
N'anga Dzofembera ofita akanyorwa muBHAIBHERI DZVENE Enhema
Atekeshera. MWARI MATIRASHA. Vana VeZIMBABWE vatamba Bvurakasha
mumarasha.

Muripiko varikumhepo? Muripiko Mapfupa Anehanda Akanzi akamuka. Makamuka
mukavata zve E e e h here?

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Mwari Ndivo Zvese.(God Is All.)

Musiki wazvose

Mupi woupenyu.

Munatsi weyanano.

Musiki nyakubwinya wakanaka.

Nyakugara narinhi narinhi wavose.

Mudziyo wemweya WaMwari.

Muyanansi munaiye Mwari Baba.

Rakasimba Dhaka rakatiwumba.

Nguva yove Hubenzi.

MuMhuri Yedu muna ivo Mwari.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

My Coat From No Where

i have no where to hang you
this is not my home
when i come to sit idley on a stool
only my buttons i unbutton
my life here dear is like hot papper
for zimbabwe is on a piece of paper
but you are more than a papper
my coat from norway
you did not come from no where
my coat from norway.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

My Nation

i carry you on my shoulders
and on my shoulders i carry you
i walk with you on an empty tummy.
i talk about you to others, mummy.
i carry the great zimbabwe ruins
the chimanimani hills
nyangani mother mountain
i carry the victoria falls
i carry you zimbabwe.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndedzemwanasikana.

Ndiro dzadyirwa, dzakadyirwa Zuro. Dzavatiro nanairwa namapete husiku hwese. Hazvinei Hazvinei anga ari kumunda. Kwaanga anendima yakakunda yavose. Paya azobuda kumucheto Ndiye gwada. Nemukombe mvo-o. Muchirongo Chemahewu azuro. Huro ndiye gudungu Gudungu! . Ikodzero dzake mwana sikana. Asi zvinongonzi... NDEDZEMWANASIKANA. Tande kuchikoro savamwe ndindoravira Fundo. Chinyoreso kuruboshwe. Twumabhuku kurudyi. Mainhiya tokanda nhanho , wanonoka unochiwona. Namu mugan'arara remupata wejiri. Mhino tongokweva dzibwa senjiri i. Pfungwa nemwoyo. Kwazvakarehwa Nekuti fundo ikodzero dzemwanasikana. 'IWE MIRAPO O! .' Hana tiba a. Mwoyo pwati i. Meso Cheu cheu. Che u che e e e e eu. Ndiye takarasima naro Bhinyakodzero rozvikakamadza. Rozvirova dundundundu rozvitundumadza. Mudhebe warakata. Remwana wavaridzi bvaru u, kwakadaro. Wabaiwa panyama nhete zvino yangova mhere. Misodzi mwarakata. Mwarakata. Mwarakata. Kudzichemera. Kuchema kunenge kuchemerera. Kuchemerera kunge kuchema. Nekuti dzapepereka dzake kodzero.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndezvamatongerwo Enyika.

Ndokunga ari mazauwone mudzimbabwe ramabwe. Machindarume achirwira kutonga. Yaingova njake njake. Kudoti kuvhotwe. Mhere ndiye pwati i. Hunzi tabirirwa. Magariro kwaisava navapakati.. Waifanira kuva mupfumi kana murombo wokupedzesera. . Ndo kunge ari mazauwone munzanga. Mbwende ndidzo vaipedzera shungu pamudzanga. Waishura mumba momurombo mudzonga. Mbwa a ndidzo dzaipona ne hona. Mazauwone akati hona. Ndezvematongerwo enyika.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndibate.

Ndibate Zimbabwe.

Ndibate chero pawandibata.

Bata Bata chero wandibata.

Ita seunozora Bata.

Usarega kubata wakati MBA a a a a a a ! ? ! ? ! ? ! ? ? .

Ndibate semabatiro avanoitana pachivhiti vhiti.

Dzvanya wakambandidzira chiriki riki.

Ndibate chero pasingabatiki.

Ruvoko rwako ngarwusvike parwusati rwambosvika.

Pauri zvomene Musika Vanhu vakasika.

Ndinongosvika rangu Sadza wabika,

Mvura yokugeza , watotuidza.

Ndibate Zimbabwe nyatsonditi Mba a a aa a a a a a a a a ! ! ! ! .

Bata nechapapapa

Ugobata nechapapapa.

Uchisviyanga Nyanga dzapapapa.

Ukavona meso ndatsinzinyira kubutsvatsvatsva.

Ziva zvino pandiri atove makubukasva.

Wandibata sewakabata rwatsvatsva murutsva.

Zimbabwe ndinokupa ndose! .

Kurumidza mhani kundibata Bata.

Vasati vasvika vaya zvitota.

Kuzotota mastaera ekubatana.

Ndibate panyama nhete.

Ndibate seusingadi kundibata.

Ndibate pausakambondibata..

Kana waNdibata ndobata denga.

Bata a a a a a a a a a a a a a a a a a a ! ! ! ! ! ! .

Ndibate

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndinewe.

Ndinozviziva uri kure. Nguva mundangariro ndinotsukudzira. Moyo wodokwairira bwako huvepo. Necheaparutivi pangu nechepaditi. Tivete zvedu nyama dzakazorora. Ndinewe.

Pese pandinotarira wako mufananidzo wechako chiso.

Pese pandinobwaira rangu Ziso.

Serabaiwa nemunzwa pamboni. Newangu mwoyo handigoni. Nekuti ndinewe! .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndini Zimbabwe Muchandiwona

Ndini chigara matombo matanda anoera. Ndini muroyi wehama, mutorwa anoruma achifuridzira. Ndini Zimbabwe mai venyu ndikafa muchandiwona. Zesa makavhara. Zinwa mukana. Wangu muromo hauwiri pasi. Zamo ramakayamwa derangu. Guvhu ndini mumvuri ndini. Ndini chigara matombo matanda anoyera. Kusina amai vakuru vakati hakuendwe. Wangu musana mawufuratira. Mhiri Kwamakungwa ndiye ngwa a a a. Kutadza kucheuka surekwawakabva. Muchandiwona.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Ndinokuda Zimbabwe.

Ndinokuda zimbabwe, ndokuisa payiko? Mukanwa ungasara mate, muhomwe haukwani, muhapwa ungasonhuwa dikita. Uri nyika yohuchi nomukaka, kubva zambezi kusvika Limpopo matatya. Dai uri tsvigiri ndaikukurungirira mu putugadzike, Dai uri nzimbe ndaidya namakanda, uri sadza ndaikubikira nyama. Dai uri munyu ndaikurunga muusavi. Ndinokuda Zimbabwe. Dai urigomo ndaikwira nyamatsatse. Uri rwendo ndaifamba kusvika ndasvika. Muchikwama ungasobiwa namatsotsi. Ndinokuda Zimbabwe, ndokuisa payiko?

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVVHU)

Ndochema.

Ndochemewe imba yamabwe. Baba vakavaka karukangarabwe. Kwete nokuda kwavo asi kwake mutsvata ropa. Ndochemewe machewe e. Dai kuchi kare ndairidza mhere. Uri huchi bwuzere masvosve. Wava wonde dai uri mukadzi handairowora. Pfuma yenhaka vakatora vakagovana pahukama hwavo vepfumojena. Nhasi vodya mapfupa ayo nyika. Isu tiri ve nhoko dzezvironda. Nhasi vogara neyemubatanidzwa wavo. Isu ndisu vasevenzi vavo. Nehanda nyakasikana. Ndochemera wako mutunhu wakapinda chipfukuto. Mharadzamatura. Vana tawonda tawondoroka sembwa ine gwembe e. Ivo dzangova hochi. Kukora nenzara nenzara. Ndicheme here nehanda Kaguvi agokupa rangu guvi remisodzi? SoroReNzou murenga hona topinda pachimurenga chechina. Vana wakayamwisa, fundo takadya. Dotipai chirebvu chenyu titambe nacho. Tiri vadzidzi veTSAMBO chena. Dotipakatirai tisazviringa. Honai vari nyika dzimu Tochema. Kuchemera Zimbabwe.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Nhaka Ya Vamugabe

Zvimwe zvese takagovana asi kune imwe nhaka. Ivhu takagovana vamwe vakawana. Vamwe vakashaya. Vakamira mira vakomana ruri gatyumbwi. Chiriporipocho takanzwa hondo yeminda. Tatora zvikanzi rambai makashinga. Kwaive kurutakudzwa svinga nzara ndiye togo o. Ma Talks Ma talks. Dzamare pfocho-o! . Yemubatanidzwa. Asi nhaka yababa ndeyavana. Kupa vatorwa masvosva mangoyi. Nhaka yababa ndeyavakagwinya. Mubvutidzanwa gango remaputi. Inhaka yavakatisiira nhaka yevhu. Regai ndizvireve ini zvavanhu vevhu. Nekuti ndezvavanhu. Pasina vanhu hapana nhaka.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Pamairohwa Nababa.

Pamairohwa Mhayi
Regayi ndizvitaure.
Zvaindibata bata kwazvo,
Kuti ndizvitaure ndaitya.
Kuti Ndipindire,
Ndaizokurirwa nohuduku.
Zvaindirwadza Amayi Maizvivona.
Baba vakadhakwa
NehweKwa Mai Chikukunengwe.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Pandinokurota Zimbabwe.

Unondirotawo here semarotero andinokurota.

Kana kuti unenge uchitorotawo zvaunorota pandinokurota.

Unondimbundirawo here muhope dzako,

Kana kuti dzako hope ndedzako.

Unondifungawo here pandinokufunga.

Kana kuti hautombondiyisi mune dzako pfungwa.

unombondibata bata wo here kuhope dzako

Kana kuti ndini ndinotorota ndichikubata bata.

Unotombondifukidzawo jira here ndirere.

Kana kuti unotorikwevera kwaunenge urere.

Wakambondikwenyawo pandavaviwa kuhope here.

Kana kuti unotokwenya inda dzakurumira kuhope.

Seyi uchirota vamwe, pandinokurota.

Uchasvikepiko nadzo dzekuhope Mota.

Zvawakati kwedu tinoswerero Bota.

Unodawo here ndifire Mugota

Inga zvese zvawareva handifungi, ndotota.

Ndatota ndototera iwe, usingandiroti.

Ndinotorota uchindipakurira NeMugoti.

Ndakurota ndoswera ndichingoti.

Unondirotawo here semarotero andinokurota.

Kana kuti unorota uchibatwa batwa.

Unotorota unavo vanogona kubata.

Musi wandichakurota uchibatwa batwa.

Samadomasi pamusika wepaMbare Zimbabwe.

Ndonongomuka kubva kuhope, ndorara nedivi.

Kana usingandiroti semarotero andinokurota

Ndiritewo pandinokurota Zimbabwe mudiwa.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Political Condoms

They are no Three Layers of Latex Rubber. Young they are, for protection against political injustice. They are perpetrators of political violence. Defining politricks as politics. They paint the soil. Our own soil with Blood. Blood of the victims of victors of visitors. They are the youths. Our political condoms.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Revenge.

They took our fore Fathers, forcefully.
When they were still boys and Girls.
And changed their Names, for a lie.
They used Them on their Farms, to feed their families.
They declared it, Slave Trade.
They introduced, horse and rider principle.
And the sjambok, as their protocol.
They chained them in chains, like Dogs
Black Blood fed the Mediterenian Sharks.
Besides, our Animals they killed for Ivory.
Precious minerals, they looted.
Like the eyes, they are never Satisfied.
They called them names, names to undermine them.
Africa wants Revenge, not Compensation

Nigger, curfew, mother fucker they said.
They raped our Grand mothers, and sold the children.
They sat on their couch for 400 good years.
Enjoying cheep, if not Free labour.
They said they were Baboons.
Yet that same baboon cooked their dinner.
Jim crow was their law.
Apartheid ruled their labors and slaves.
I mean my grand Parents.
Forced to throw away their Culture.
With the Bible, they used it to Brain-drain them.
Undermining our African kings, to Chiefs.
Our minerals to money.

They introduced Human Rights.
And said all was alright.
As if blacks had no Rights in the 1st place.
They said , it's over.
Yet, they had grown into 1st Worlds.
Africa, Became their 3rd World.
And forgot that, there should be a 2nd World.
They used our land.
And divided amongst themselves.
They chose their own white leaders.

Marginalizing our people and leader.
They said, judgement is the Lord's.
Yet they went unjudged.
They Chose to stay in our Africa.
And divided it amongst themselves,
They Named it Africa without my forefathers concern.
Africa need revenge, not Compensation .

Africa need revenge, not Compensation.
Let me name them not by name,
The players of our revolutionary play.
A play full of playful play.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Runako Munjodzi.

Maizviziva here Kusasana Kunoparira. Rinamanyanga hariputirwi . NDO O KUNGE Ndamutanga Musikana. Kurauwone chokwadi chezuvari Rakava Buno Risifemberi.

Ndakati ndakweva ndebvu dzainge Dzembudzi pachirebvu. Chinamanenji hachifambisi! . Ndaizivei ndainge ndoibopa nokumuswe. Jekanyika rakacheka nyika.

Runako neni Munjodzi. Chokwadi Rudo Ibofu. Vakandikanda ziso Rakasara munzara. Rakati piriviri Misodzi dikita neROPA. Ndakamboedza Madirativhange. Nhango ne Ndyaringo ndakapfimbika. Yaive Nhaka youpenyu. Ndipo pakanzi navana Tsano Mudzimu WA KUPE CHIRONDA...

Ndakademba Ndikandei kavona ndotongwa nenyika mbiri. Ndakati Ndinofa ndayedza. Zvikanzi Muchadura. Ini ndokuti ndakamuda dakara afa. Ndipo Pane Mwoyo wangu. Rudo runotuma Asingarambi. Chero kupfeka Nguwo Dzowuswa. Pandakanzi chamatsenga nzungu. Ndakatsaga Vakafa Vapenyu. Paidamwoyo. ZVAIDA KUSHINGA. Kuwana Runako Munjodzi.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Sins Of Our Fathers

Sins of our fathers. Who used their slickery jiggary Tongs. To tell our mothers that we are not their sons and daughters. These are the sins that made them rape our Virgin mothers to enforce our mutation Within Our mother's Bellies. These are the stains you see in Black and White that i shall Write till T's right. These are the sins of our Shameless unknown Fathers that our genetic Hereditation bare their stain. T' was raining on that very date. They thought the rain would wash away their Missery. They were Honourable for a time and dishonour made me the Hummour of the street.

Shit! ! ! .

These are the sins of our fathers that made noise in our dear mothers' spines ' Ibva a ah pano? ! ! ? .' and we the children in the drain we went.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Sounds Of Change.

These are the sounds. The sound of African drums, mbira and purcasion. The sounds of guittars, flutes and Violinr. These are the sounds.

The sounds of mhande, muchongoyo and dinhe. The sounds of Rhumba. Borrodale and Zora Bhata. The sounds that sound to suppresed souls. The sounds that increase pain to political trauma. The sounds we hear on Ztv. These are the sounds.

The sounds of political Condomisation. And Youth Condemnation in the Name of 100% Empowerment. The sounds of Hiroshima and Nagasaki. The sounds of Ngoro Ngoro and Hekitse. The sounds of the shona and The Ndebele. The sounds of apartheid and Gukura hundi. The sounds of Zanu pf and MDC-hakadaro. These are the sounds. The sounds of peace, unity and Democracy. The sounds of change. Chains and Chuncks. The sounds of load shedding and road shedding. The sounds of propaganda. Injustice and dictatorship. The sounds of the Global political uncetainty. The sounds of Mugabe, Mutambara and Tsvangirai. These are the sounds.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Statement

Eeh vamupurisa-ah mundiregerere.
ndakamuvhura arere,
baba na mai vake varere,
mwana wavanhu haana kumboridza mhere,
ndikati dzawira mutswanda handiyorere.
ndokunyahwaira sechikara
pfekere mukamwena kayo
kakagadzirirwa iyo,
monyem, iri muruvoko musuwo bherengende
ndakamuvhura arere,
munhanga, ndopinda musikiro,
mwana wavanhu kana-ah,
kumboridza -ah
ndiyo yangu statement.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Tambura

Ndavona sisi murikuita kutambura nahwo hwenyu Humhandara. Motobatisisa sechikwama chemari. Idivakamwe tinozviziva. Ndimi sikarudzi hamusi mudzimai Muponesi. Rinozvirova rikazhamba. Radenha mago o mangoromera. Ndavona Murikuita kutambura nahwo Hwenyu u.

Rudo ibofu rinotsika parisingavoni. Runako Munjodzi ndimo Marunotambira. Nemukondomber munofuga renyu mega. Tamburai nahwo Muri mega. Mazvi Avakomana anokwenyesa pasingavavi. Meso Avo anotaura saMUTUMWAPAVI. Handisi kudzidzisa sa Ticha Muzavazi. Matengumutinya nguvo dzovuswa. Ugare pasi dzotyoka. Uvate Dzopwakatika. Udziye moto Dzotsva. Tambura zvako nahwo ndiri kuzvivona. Tambura. Tambura. Tambura. Tambarare sorunyemba unovhunwa. Ndazvivona urikuita kutambura nahwo Hwako Humhandara. TAMBURA.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Tidzidziseiwo Kuzvitonga.

Tidzidziseyiwo Kutonga. Kuti tigone Kuzvitonga. Tigova vanhu vane kwavo Kuzere kuzvitonga. Tisazombovave Vatongwa a ah! Tidzidziseyi Tsika NaMagariro savanhu Vatemala. Tisava makara Asiwonani Vana VanyaMunhu. Nekuti Kununa Hudyj Kamwe. Tidzidziseyi kupa, kuda nekudanana nekuti watinopfugamira ndomumwe e. Ndiwezve achatitonga mumwe noMumwe. Usandinongedza zvako neGunwe. Usanditenga mwoyo Nedoro handimwe. Usandinyemwerera nezino Rimwe. Ndini Zimbabwe Wakandigarira. Nokuti Rako Guvhu ndakayamwa. Tidzidziseiwo Kuzvitonga, hatina Kufunda. Namazita taikopera munozviziva. Takagumira pamukova vamwe vachidzidza isu tande e Kudziva. Tiri vana vomunhu mumwe hatigoni kutongana. Tidzidziseyiwo! .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Times.1-10

Dear reader. I am the only child from my mother's womb meaning i am the only

1.

if you are female we can become one flesh and that can make us

2.

To make the couple of

3.

Children. The oldest doing grade

4.

At Mount pleasant high youngest being

5.

Years old, turning

6.

Years old on the

7.

nth month of the Locusts. I shall pay

8.

Cattle to your Father as lobola, the African way and the

9.

nth cow shall go to your mother. Who made me such a patient reader whom i shall thank

10.

Times.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Tiri Vana Vemusangano.

Pamaiti dayidzirayi tisu taidaidzira. Pakuyimba taiyimba Makanaka. Tisu vana vamaidada navo pamusangano. Nekuti tiri vana VeMusangano.

Tisu tava kunzi 27 June. Takafamba nemi 27 June. Tisi takarova vatengesi vemapepanhau anopikisa. Shefu u u makati hamufi makatirasisa. Tisu takapisira sabhuku mumba Kwa Mutoko. Tikapfeka mbatya dzemusangano Wavo. Tisu takarovambwa nembama, Mupinyi Makaviga. Tikanotinha twuchembere twese tweKACHASU. Tisu vamaitengera mafiriziti. Maputi taikanga kwataibikira.

Takafamba nemi munozviziva. Bhuruwayo. Masvingo Zaka takawona kwaro kupisa. MARI yedu yamaitipa, yaitenga nhasi mangwana rava Bepa. Tisu takapisa mifananidzo Yevairatidzira. COMRADE musatirasha. Tisu takapisa Mabhazi Ehurumende. Tikapotswa ne Posa Kurushinga. Tisu takasungirwa IPPA muChinhoyi. Tabvorongodza vaizviyitira wavo Musangano. TIRI VANA veMusangano musatirasha.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Uridhongi

Kana uchida kushanda sedhongi.
Usingararami samambo Makoni.
Uchida kushandira mari huiwani.
Wada Mwari hauvawani.
Muzimbabwe zvikoni zvikoni.
Bunza kana Ngoni.
Vakawuya Harare, zvechikoro Vati Hatigoni.
Muhari vana mbuya ndokudongorera.
Zvikanzi zvangu zvekwachivi hazvikoni.
Zvangu anozvivona Ma hani (ma1) .
Vaive kumusha ndokutopfiga ginhi.
Zvikanzi zvayenda Harare, dai kwanga kuri Joni.
Dai zvangorobwa nemheni.
Nechemuchanza imomo mune mhoni.
Zvichinyanya kuda basa sedhongi.

Uri Dhongi !, (chorus) .

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Vakadzi Ma Sandak.

Vakadzi ma Sandak.

Kukapisa rinotatamuka.

Kukatonhora rodzoka.

Angave wemurombo kana wemupfumi.

Vanenge vana vemunhu umwe.

Wamutanga woti ndazviwanira wangu mumwe.

Pedzezvo wabatwa nemurume wemumwe.

Asi Masandak. Kukapisa rinotatamuka.

Kwatonhora rodzoka.

Murume rikava Tsotsi.

Mukadzi ane chitsotsi.

Murume akava Hure.

mukadzi ngoma ndiyo ndiyo.

Murume akava nemari.

Nemukadzi anopfeka dzemari.

Achigara mumari.

Achidya mari.

Nekuti..... Ma Sandak.

Kukapisa rinotatamuka.

Kwatonhora rodzoka.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Wangu Mufungo Mutsva

Nhasi ndirikuenda kumbodzamisa wangu mufungo.
Ndokumura madhende ndoshonga dzembanhete.
Zvese zvinovonekera pandiri zvonjenjemera.
Gandarakare Ndoshonga.
Dzasakara dzandakapfeka dzova itsva.
Dzangu tsoka dzaneta dzotsiviwa nedzinesimba netsva.
Shangu dzangu drove itsva.
Zvese zvasakara kumarara.
Ndomboenda Kunoterera mashoko ezvinepfunditso.
Iyanla Vazant pamwe
Ndochizvigadzira nzara dzangu ndichiterera.
Ndikageza neLavender zvingaita.
Inondidzira simba.
Ruva riri muvura yokugezera mubhavhu.
Kuitira zuva idzva.
Nhasi ndichararama sa nhasi.
Zuro aive mumwewo Inini.
Nhasi tiri padanho repiri.
Ndakazvidzamira ndiripakati pemweya.
Ndanga Ndine marwadzo andangoregerera.
Mufungo wanga uchida kufungururwa.
Netsvina Zhinji tanga iri mutirangi.
iWe chitoravo
Nhasi izuva re spar.
Zuva rangu.
Tora Inini wakare.
Handichatomboda kumuvona zvakare.
Ndiri kunakirwa Naro zuva re spar.
Pfungwa itsva, ini mutsva.
Regedza ndive inini muzuva ranhasi.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

What Is Wrong With The World? ? ? ? .

What is wrong with the world? .

Why are Laws easily Broken.

What is fallinf short? .

Where is the Missing link?

How big is the Derviation? .

Did we rebell from the World?

Why are we still in corruption Slavery? .

Who do we owe a Debt of Love? .

Are we laking belief in Change? .

Why is war a game for the Rich? .

What is wrong with the World? .

Do we need to pay a Ransom for Existence? .

Do we need to mould trustworthy leaders? .

Where was Globalization during Slave trade? .

What is wrong with this World? .

If you have an answer please answer me.

if you think i am a fool answer according to my Folly.

I am failing to get solid answers.

On What is Wrong with the World.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Yours Death. Ndini Rufu.

Dear human beings. I AM not human So i dont care. I WAS THERE yesterday today Tommorrow and forever. I am Here to Stay. Am Going to live amoungst You and Your Famillies and beloved ones. I am A friend of Darkness. My presence shall Bring you Tears. Moarning shall Dominate Near me And Your Beloved ones. Like a Raven i shall Devour. Like a maestro they shall give me credits.

My Name is death. Am a Weapon to elliminate Life Obstacles. An eagle that have no Mercy. A lion that Eats coz it saw Food. A skelleton that rose to destroy. An ambassodor of hell and Heaven. I am the stronghold that cats demistify Dogs with. Easy to kill humans. For its my Hobby. MY NAME IS DEATH. I am here to stay. I was and i am. I will be and i shall. I am the one hated By Many For i am the centre of Unwanted Attention. I am

yours

Death.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Zimbabwe Is Burning

Images of real Objects were dangling In the thick Flames. Buildings Turned into Real Photographs on the Walls of the Horizon. ON THE OTHER conner was The Fire Squadron. GUIDDING Their empty Murcky Dumptr Bip Bouzzers. An Insignificant silhouete of the audience could Be Seen From A distance. With an empty Bucket with no Water. Madagarscah kept a distance From the Hot Furnace. Britain & America came wth Tanks of Kerosine. With their Boomsprays they Sprayed Change. South Africa Saw in Sympathy. But There was Nothing to do. Zimbabwe was in flames. FLAMES of Yet another Ellection for the Time of Times.

All that remained were Charcoal Black Hwange Colliery. Impoverished Citizens. Garthered in their Holy Mass. WITH bowels of Empty prayers. Some to the Unknown God. Some to their Ancestors. NO ONE could put Down the fire. Those who got a better View were Ellection they were given 1st class reception of Propaganda Porrigge. Beggars could be heard singing Grace in 1st street.

It was the coming of the dry season. Whilst we were waiting For the rain. GARTHERING GOAT BITS of Wood. In the country of our own. When we became the house of hunger. All that was left was a thick Dark Deadily smoke. Ambition Had taken its course. After The Burning Zimbabwean Ellection. DEATH was Porttent. Marlliciousness turned into justice. Zimbabwe was Burning.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)

Zvangu Zvese Zvava Correct.

Ndimi munoziva zvavanogarondinamatira. Rugare kwandiri havamboti ndive nenhamo. Zvangu Zvese zvive Correct vanokumbira. Vapeiwo zvavanondishuwira. Pavanoti vonamata kuti vavate. Mundangariro dzavo Vondirongedza. Pavanorira nadzo Ndimi.

SHINDERAMAKASHANDAMARIYANDAKAMATARITAUTATINEPi ko! ? ****. Ndimi munoziva Zvavanenge vachindinyengeterera. Vanofamba netsoka Vanoda ndikwire ndege. Ndimi, ndimi, ndimi Ishe! . Munovagonera ivo nemhuri dzavo. Ndivo vatenderi venyu ndinopinda navo Kereke. Ko o? , madi i mangovaropafadzawo vese vanoda Zvangu zvese zvive Correct. ZvATI. Zvati kana zvazoti Nditi zvangu zvese Zvava Correct, zvichati zvoti nekuti vanoti ndigozoti zvava Correct.

Poet jerrimos mugweni(ZVAVANHUVEVHU)